



Division of Licensing Services

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
Notary Public
P.O. Box 22065
Albany, NY 12201-2065
Sèvis Kliyan: (518) 474-4429
www.dos.ny.gov

Machaswiv pou Aplikasyon Notè Piblik

Tanpri, li tout machaswiv yo byen, paske y ap voye tounen Aplikasyon ki pa konplè. Voye dokiman sa yo nan adrès ki make sou lòt bò aplikasyon sa a. Manda Notè Piblik yo ekspire otomatikman sou kat ane apati dat yo antre anvigè. Li enpòtan pou ou avèti depatman sa a pou nenpòt chanjman nan adrès ou dekwa pou w kapab kontinye resevwa avi pou renouvèlman ak lòt avètisman enpòtan anrapò ak manda ou.

Machaswiv pou Prestasyon Sèman

Pou kalifye pou jwenn nominasyon, ou dwe siyen yon prestasyon sèman devan yon Notè ki gen manda, epi soumèt li bay Depatman Deta (Department of State) ak aplikasyon ou fin ranpli a, epi frè \$60 a. Depatman Deta pral poste voye ba ou dirèkteman yon kat idantifikasyon, ki bay dat antre anvigè ak dat ekspirasyon manda kat (4) ane ou an.

Machaswiv pou Aplikasyon

1. Non enprime ou vle resevwa manda ou an dwe koresponn egzakteman ak siyati ou pral itilize kòm Notè Piblik la. Ou kapab itilize inisyil, pa egzanp John A. Doe oswa J. Arthur Doe, men ou PA KAPAB itilize J. Doe oswa J.A. Doe.
2. Yo pa aksepte itilizasyon yon Bwat Postal kòm sèl adrès. Yon adrès ri obligatwa. Anplwaye klèk Konte yo dwe itilize adrès klèk Konte a. Notè ki pa-rezidan dwe itilize adrès ri biznis yo gen nan Eta New York la. **Tanpri sonje: Gen posiblité pou revele adrès yo dapre Dwa sou Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Law, FOIL). Si ou pa vle yo devwale adrès kay ou, ou dwe bay yon adrès biznis.**
3. Kondisyon admisyon egzamen: Ou dwe te pran epi pase nan Egzamen Eta New York pou Notè Piblik. Rezilta egzamen yo valab pou yon peryòd de (2) ane sèlman. Si w se yon avoka ki yon manm Bawo Eta New York aktyèlman oswa yon grefye tribinal nan Sistèm Jidisyè Inifye (Unified Court System), ki nonmen nan pòs sa apre w fin pran yon egzamen pwomosyon fonksyon piblik nan seri tit grefye tribinal, ou pa oblije pran ak pase nan egzamen an. Avoka ak grefye tribinal yo pa egzante pou frè aplikasyon an.

AVÈTISMAN PWOTEKSYON ENFÒMASYON PRIVE

Èske mwen oblije bay Nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID federal mwen nan aplikasyon an?

Wi, si ou gen yon nimewo sekirite sosyal oswa nimewo ID Federal, ou oblije bay nimewo sa a. Si ou pa gen nimewo sekirite sosyal oswa nimewo ID Federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman Deta oblije kolekte nimewo federal Sekirite Sosyal ak nimewo Idantifikasyon Anplwayè pou tout detantè lisans. W ap jwenn pouvwa li genyen pou mande ak konsève enfòmasyon pèsònèl sa yo nan §5 nan Lwa sou Taks ak nan §3-503 nan Lwa sou Obligasyon Jeneral. Li obligatwa pou ou bay enfòmasyon an. Yo kolekte enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taks ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan fè deklarasyon taks sou revni oswa ki gendwa te kalkile responsablité taks yo nan yon montan ki twò ba, epi pou idantifye anjeneral moun ki afekte nan taks ki administre pa Komisyonè Taks ak Finans lan. Yo pral itilize yo pou administrasyon taks ak nenpòt lòt rezon ke Lwa sou Taks otorize, epi ajans ki fè respekte sipò pou timoun oswa reprezantan otorize ajans sa yo nan Eta sa a oswa lòt Eta deside konfòmman ak Tit IV-D nan Lwa sou Sekirite Sosyal, gendwa itilize yo tou, pou mete anplas, modifiye oswa aplike yon lòd pou sipò, men yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa lè ou pa bay yon nimewo. Direkète Administrasyon ak Jesyon pral konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Sèvis Lisans lan nan One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

Voye aplikasyon orijinal sa a tounen (pa voye fotokopi) ansanm ak:

Yon frè \$60 ki pa ranbousab. Ou ka peye ak chèk oswa manda postal (money order) ki fèt onon Department of State oswa ou ka sèvi avèk yon fòm otorizasyon kat kredi pou fè chaje nenpòt frè sou MasterCard oswa Visa. Pa voye lajan kach. Y ap fè w peye yon frè \$20 pou nenpòt chèk bank ou pa aksepte peye.

(Remak: Frè \$60 a gen ladan frè \$40 pou Eta a ak frè \$20 pou Konte a)

Nòt: Ou pa kapab itilize fòm sa a pou renouvle lisans ou.

Pou Anplwaye Klèk Konte yo Sèlman

Alaplas frè a, ou dwe mete yon deklarasyon notarye pou egzanpsyon frè.

ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan www.elections.ny.gov/votingregister.html Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York (NYS Voter Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou www.ny.gov/services/register-vote.

FOR OFFICE USE ONLY	UNIQUE ID	CASH NUMBER	FRÈ \$60
------------------------	--------------	----------------	-------------

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
Notary Public
P.O. Box 22065
Albany, NY 12201-2065
Sèvis Kliyan: (518) 474-4429
www.dos.ny.gov



Division of Licensing Services

APLIKASYON NOTÈ PIBLIK

TANPRI TAPE OSWA EKRI AN LÈT ENPRIMRI EPI VOYE TOUNEN FÒM ORIJINAL SA A

NON OU VLE POU MANDA OU AN (LI DWE KORESPONN AK SIYATI OU)			
NON FANMI	PRENON		DEZYÈM PRENON
NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (gade avètisman pwoteksyon enfòmasyon prive a)	NIMEWO ID FEDERAL (gade avètisman pwoteksyon enfòmasyon prive a)	NIMEWO TELEFÒN LAJOUNEN	
ADRÈS KAY OU NAN NYS: (si rezidans legal ou sitiye deyò Eta New York, sote seksyon sa a epi ranpli seksyon "Non ak Adrès Biznis nan Eta New York" ki pi ba a)			
ADRÈS RI:			
VIL:	NY	KÒD POSTAL:	KONTE:
NON BIZNIS NAN ETA NEW YORK:			
ADRÈS RI BIZNIS NAN ETA NEW YORK:			
VIL:	NY	KÒD POSTAL:	KONTE:

- Dat ou te pase nan Egzamen Eta New York pou Notè Piblik (gade egzanpsyon yo ki sou lòt bò paj la) _____
- Èske ou gen 18 ane oubyen plis? _____ WI NON
- Èske ou se yon manm aktyèlman nan Bawo Eta New York? _____ WI NON
- Èske ou se yon Grefye Tribinal aktyèlman nan Sistèm Jidisyè Inifye, ki nonmen nan pòs sa apre w fin pran yon egzamen pwomosyon fonksyon piblik nan seri tit grefye tribinal? _____ WI NON
- Èske w te janm kondane pou yon krim oswa deli (se pa vyolasyon sikilasyon minè) **OSWA** èske ou te jwenn deja refi, sispansyon oswa revokasyon nenpòt lisans, manda oubyen anrejistremant nan eta sa a oswa lòt kote? _____ WI NON
(Si se wi, ou dwe mete detay/dokiman)
- Èske gen akizasyon kriminèl (deli oswa krim) annatant kont ou nan nenpòt tribinal nan eta sa a oswa lòt kote? _____ WI NON
(Si se wi, ou dwe soumèt yon kopi dokiman akizasyon alekri a, enfòmasyon kriminèl oswa plent lan)

Mwen siyen ak afime, ak posiblite sanksyon pou fo temwayaj, ke deklarasyon yo ki nan aplikasyon sa a, se laverite epi yo korèk.

Siyati Aplikan an X _____ Dat _____

PRESTASYON SÈMAN	FOR OFFICE USE ONLY	APPT DATE	UNIQUE ID
NON FANMI	PRENON		DEZYÈM PRENON
ADRÈS KAY OU NAN NYS: (si rezidans legal ou sitiye deyò Eta New York, sote seksyon sa a epi ranpli seksyon "Non ak Adrès Biznis nan Eta New York" ki pi ba a)			
ADRÈS RI:			
VIL:	NY	KÒD POSTAL:	KONTE:
NON BIZNIS NAN ETA NEW YORK:			
ADRÈS RI BIZNIS NAN ETA NEW YORK:			
VIL:	NY	KÒD POSTAL:	KONTE:

Prestasyon Sèman
Eta New York

Konte _____

Mwen fè sèman (oswa afime) mwen pral soutni Konstitisyon Etazini ak Konstitisyon Eta New York, epi mwen pral ranpli fidèlman obligasyon fonksyon Notè Piblik pou Eta New York selon mayè fason mwen kapab.

Siyati Aplikan an X _____ Dat _____

Li te prete sèman devan mwen le _____ nan mwa _____

(Klèk Konte oswa Notè Piblik)

So Notè Piblik

